



Chè Paran/Gadyen,

Nan Konte Miami-Dade, plis timoun ki gen laj 1 rive 14 an pèdi lavi yo akòz neye pase nenpòt lòt koz lanmò aksidental. **Ou ka pwoteje pitit ou.**

Zero Drownings Miami-Dade bay klas Edikasyon sou Sekirite Dlo ak leson natasyon pou nou fè tout sa nou kapab pou anpeche neye. Lèsan sa yo gen ladan yo jiska dis klas ki dire 30 minit chak sou yon peryòd de semèn, kote pitit ou ap aprann ladrès enpòtan sou sekirite nan dlo ak natasyon san okenn frè pou ou. Pwogram sa a baze sou yon kourikoulòm epi se Enstriktè Sekirite Dlo ki sètifye pa Lakwa Wouj Ameriken ki anseye yo, avèk yon sovtaaj ki sètifye toujou prezan pandan klas yo.

Ou resevwa lèt sa a paske pitit ou gen dwa patisipe, men ou dwe toujou enskri yo sou entènèt anvan, lè ou swiv enstriksyon ki anba yo. Pa gen okenn timoun ki ka patisipe si paran oswa gadyen pa ranpli tout fòm pèmasyon yo egzijè yo.

Pwogram sa a ofri kounye a pou timoun ki ale nan kèk klas jadendanfan (kindergarten) ki chwazi nan Lekòl Piblik Konte Miami-Dade, ansanm ak timoun 4 ak 5 an ki nan pwogram Head Start Konte Miami-Dade ak Sant Swen Timoun Thrive by 5 Children's Trust (sant kalite siperyè nan katye ki gen gwo bezwen). Chak klas ki patisipe chwazi davans pou opòtinite vizit sa a.

Zero Drownings Miami-Dade se yon pwogram enklizif pou timoun ki gen bezwen espesyal. Si pitit ou gen yon bezwen espesyal, yon kondisyon medikal, yon andikap oswa yon konpòtman ki bezwen atansyon, asire w ou reponn tout kesyon ki gen rapò ak bezwen yo nan fòm enskripsyon yo pou pwogram nan ka bay adaptasyon. Ou ta dwe pale tou ak lekòl oswa sant gadri pitit ou sou nenpòt bezwen medikal, andikap, oswa bezwen espesyal ki dwe jwenn aranjman.

Yon fwa nan pwogram nan, ou menm ak pitit ou ka atann bagay sa yo:

- Pitit ou ap transpòte avèk kamarad klas li yo, pwofesè a, ak chaperon ki deja apwouve yo, swa nan otobis lekòl oswa a pye si pisin nan toupre ase pou mache.
- Lè yo rive nan pisin nan, y ap pran prezans epi Enstriktè Sekirite Dlo yo ap mennen patisipan yo nan yon prezantasyon sou sekirite nan dlo, ki mete aksan sou kijan pou rete pi an sekirite bò dlo.
- Apre sa yo pral antre nan dlo a epi pitit ou ap aprann ladrès konpetans nan dlo ki esansyèl, tankou kijan pou antre ak sòti nan dlo a an sekirite, kontwòl respire, flote, chanje oryantasyon kò a, ak deplasman. Y ap bay yon tès anvan ak apre kou a pou mezire kapasite pitit ou pou antre nan dlo a, vire, epi sòti nan yon pozisyon ki an sekirite.
- **Nòt enpòtan – Se sèlman pèsònèl lekòl oswa pwogram ki otorize davans ak chaperon ki ap gen yon idantifikasyon Zero Drownings Miami-Dade ki gen dwa akonpaye timoun yo nan vizit la. Pa gen okenn lòt paran/oswa moun k ap okipe timoun yo ki gen dwa antre nan pisin nan oswa sou otobis la pandan vizit yo. Pou kesyon sou politik chaperon yo, tanpri mande nan lekòl pitit ou.**
- Yon fwa leson chak jou fini, pitit ou ap transpòte oswa mache tounen lekòl ak klas li, pwofesè li, ak chaperon yo, epi li ap reprann orè lekòl nòmal li.

Gen plizyè etap ou ta dwe swiv pou prepare pitit ou pou pwogram sekirite nan dlo sa a. Premyeman, pale ak pitit ou sou sa li ka atann nan pwogram nan epi fè l santi l kontan pou patisipe nan natasyon. Dezyèmman, pandan dire kou a, voye pitit ou lekòl chak jou ak yon mayo de ben anba rad li epi mete yon sèvyèt nan sak li pou li pote nan pisin nan. Pa bliye mete kilòt pou chanje apre natasyon, ansanm ak yon sak plastik pou mete mayo de ben ki mouye a.

Nou envite w tou pou w rantre nan mouvman Zero Drownings Miami-Dade la lè w enskri nan yon kou sou sekirite dlo sou entènèt ki gratis e ki dire 15 minit, devlope pa Lakwa Wouj Ameriken. Lè ou kreye yon kont Zero Drownings Miami-Dade lè w sèvi ak kòd QR ki anba a epi ou enskri pitit ou avèk siksè, y ap voye yon imèl konfimasyon pou ou ki ba ou aksè nan kou sekirite Lakwa Wouj Ameriken an, ki disponib an anglè, panyòl, ak kreyòl ayisyen.

Lè ou fini kou sekirite sa a epi ou enskri pitit ou nan leson natasyon Zero Drownings Miami-Dade yo, ou va pran yon etap enpòtan pou fè yo vin pi an sekirite nan dlo a, sou dlo a, ak bò dlo a.

Kijan pou Enskri Pitit Ou:

1. Ale sou Paj Enskripsyon an

Eskane kòd QR a ak kamera aparèy ou (telefòn, tablèt, elatriye) oswa antre adrès JoinZeroChallenge.org nan navigatè ou.



2. Kreye Kont Ou

Sèvi ak adrès imel ou pou kreye yon kont paran.

Tcheke bwat resepsyon imel ou pou yon kòd verifikasyon epi antre li pou konfime kont ou.

3. Ranpli Pwofil Ou

Apre ou fin kreye kont lan, ranpli detay pèsònèl ou pou kontinye.

4. Ajoute Pitit Ou

Chwazi opsyon “Enskri yon Nouvo Timoun” epi antre nimewo idantifikasyon inik pitit ou pou lye yo ak kont ou.

5. Ranpli Fòm Enskripsyon an

Ranpli enfòmasyon yo mande yo. Tanpri sonje pwosesis sa a pa garanti enskripsyon. Espas yo ka limite epi yo ofri sou baz premye rive, premye sèvi.

6. Verifye Konfimasyon

Tcheke yon imèl konfimasyon pou asire enskripsyon an fini.



**ZERO
DROWNINGS
MIAMI-DADE**
JoinTheZeroChallenge

Learn more at ZeroDrowningsMiamiDade.org